

BAB V

PANUTUP

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan jeung (2) saran tina hasil panalungtikan kana naskah drama *Muntangan Alif*. Anapun dadaranana bisa katitén dina pedaran di handap.

5.1 Kacindekan

Hasil analisis struktur naratif naskah *Muntangan Alif* nyaéta: Téma anu kapanggih nyaéta téma religi anu leuwih museur kana pasualan religi manusa dina nyanghareupan kahirupan; galur dina ieu naskah nyaéta alur mérélé; tokoh anu jadi palaku dina ieu naskah 8 palaku, anu kabagi jadi 2 palaku utama jeung 6 palaku tambahan; latar anu kapanggih dina ieu naskah drama aya 46, kabagi kana 3 kritéria: latar sosial aya 12 (26 %), latar géografis aya 26 (57 %), jeung latar waktu aya 8 (17 %), hartina dina ieu naskah lolobana latar géografis anu nandakeun aya patalina kahirupan sosial hiji masarakat di hiji tempat, mangrupa kabiasaan hirup, adat istiadat, tradisi, kayakinan, sawangan hirup cara mikir, sikep jeung nu lianna anu kaasup latar spiritual. Tina ieu naskah drama pangarang ngagunakeun pusuer implengan persona katilu (*third-person*), tina ieu naskah drama ogé kapanggih aya 23 gaya basa anu kabagi jadi sababaraha kritéria, nyaéta gaya basa personifikasi aya 3 (13%), gaya basa alegori aya 5 (22%), gaya basa épitét aya 9 (39%), gaya basa hiperbola aya 4 (17%), jeung gaya basa métafora aya 2 (9%), hartina dina ieu naskah lolobana diwangun ku paguneman anu ngandung acuan anu nétélakeun sipat atawa ciri anu husus ti salasaurang atawa sagala hal.

Struktur formal naskah drama dina naskah drama *Muntangan Alif* dicindekkeun saperti kieu; kapanggih prolog anu ngagambarkeun palaku, tempat kajadian, jeung gambaran awal lumangsungna carita; dialog dina ieu naskah drama aya 203 anu diucapkeun ku sakabéh palaku; ieu naskah teu kapaluruh

ayana babak; adegan dina ieu naskah aya 28 adegan; wawancang kapanggih aya 83; teu kapanggih ayana *sililokui*, *asidé*, jeung épisode; kapanggih épilog anu mungkas carita dina naskah drama *Muntangan Alif*.

Ieu naskah anu judulna *Muntangan Alif* miboga unsur sémiotik anu kaasup kana simbol. *Muntangan Alif* dina ieu kontéks ngandung simbol yén jelema kudu nyekelan kana aturan-aturan anu geus ditangtukeun ku Allah/Gusti. Tanda ikon anu kapaluruh aya 16 anu kabagi jadi 2 kritéria nyaéta ikon imagis aya 15 (94 %) jeung ikon métafora aya 1 (6 %), hartina dina ieu naskah lolobana diwangun ku hal-hal anu mampuh nunjukeun sasaruuan citrawi jeung objek anu diacuna, tanda indéks aya 41 anu kabagi kana 5 kritéria, nyaéta indeks kalakuan aya 24 (58%), indéks gerak-gerik aya 2 (5%), indéks gejala pisik aya 8 (20%), indéks aktualisasi aya 2 (5%), jeung indéks sora aya 5 (12%). Jadi dina ieu naskah leuwih loba indéks kalakuan tibatan indéks nu séjén. Hartina paguneman-paguneman anu nyampak leuwih ngagambarkeun kaayaan anu ngawangun caritana; sedengkeun simbol aya 33 jenis.

Tina hasil analisis jeung pedaran naskah drama *Muntangan Alif* téh bisa dilarapkeun jadi alternatif bahan pangajaran maca drama di SMP/MTs.

5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan *Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Pangajaran Maca Drama di SMP/MTs (Ulikan Struktura jeung Semiotik)*, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Naskah drama *Muntangan Alif* miboga ajéna anu luhung, ku kituna bisa jadi référénsi dina bahan ajar pikeun ngaronjatkeun karakter manusa anu luyu jeung étika kaagamaan.
- 2) Dina ngajarkeun pangajaran drama, ieu panalungtikan bisa dijadikeun cecekelan sangkan guru leuwih teleb dina merhatikeun stratégi jeung léngkah-léngkah pangajaran.

- 3) Karya R. Hidayat Suryalaga hususna ngeunaan naskah drama loba anu can kapaluruh eusi jeung maksudna. Ku kituna kudu aya panalungtikan satuluyna anu nalungtik ngeunaan karya R. Hidayat Suryalaga.